


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, lantaran analisis datana ngagunakeun statistika. Métodena ékspérimén murni, lantaran ngagunakeun kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol. Hal ieu luyu jeung pamanggih Sugiyono (2015, kc. 112) nu nétélakeun yén métode ékspérimén murni téh nyaéta ékspérimén anu sabenerna, jeung ciri utamana ayana sampel anu digunakeun pikeun kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol. Dumasar kana éta métode, désain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta désain *True Experimental Design* dina wangun *Pretest-Posttest Control Group Design*. Sacara umum, désain panalungtikan *Pretest-Posttest Control Group Design* diskémakeun saperti ieu di handap.



(Sugiyono, 2015, kc. 112)

Katerangan :

R = Kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang nu dipilih sacara random, pikeun nangtukeun kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.

X = Pangajaran maca warta nu ngagunakeun modél *Direct Instruction*

O₁ = Kamampuh maca warta saméméh ngagunakeun modél *Direct Instruction*

O₂ = Kamampuh maca warta sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*

O₃ = Kamampuh maca warta saméméh teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*

O₄ = Kamampuh maca warta sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajar 2019/2020. Karakteristik populasi dina ieu panalungtikan nyaéta homogén atawa miboga peluang anu sarua. Hal éta luyu jeung tiori Sugiyono (2015, kc. 117) yén nyebutkeun populasi nyaéta wilayah generalisasi antara objék jeung subjék panalungtikan. Ieu di handap jumlah sakabéh kelas VIII salaku populasi dina ieu panalungtikan.

Tabél 3.1
Tabél Populasi Panaluntikan

| No | Kelas | Jumlah Siswa |
|-------------|--------|--------------|
| 1. | VIII A | 36 urang |
| 2. | VIII B | 37 urang |
| 3. | VIII C | 38 urang |
| 4. | VIII D | 37 urang |
| 5. | VIII E | 38 urang |
| 6. | VIII F | 38 urang |
| 7. | VIII G | 37 urang |
| 8. | VIII H | 38 urang |
| 9. | VIII I | 36 urang |
| 10. | VIII J | 38 urang |
| 11. | VIII K | 37 urang |
| 12. | VIII L | 35 urang |
| Total Siswa | | 445 urang |

3.2.2 Sampel


Téhnik milih sampel dina ieu panalungtikan nyaéta *Simple Random Sampling*. Cara milihna nyaéta ku cara populasi kelas VIII dikoclok dina hiji wadah, tuluy dikaluarkeun hiji-hiji pikeun nangtukeun kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Hasilna, kahiji jadi kelas ékspérimén sedengkeun nu kaluar kadua jadi kelas kontrol. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Sugiyono (2015, kc. 120) yén anu disebut téhnik *Simple Random Sampling* nyaéta nyokot sampel sacara acak. Ku kituna, dumasar kana hasil acak nu jadi sampel dina ieu panalungtikan nyaéta saperti dina tabél 3.2.

Tabél 3.2
Sampel Panalungtikan

| Kelompok | Kelas | Jumlah | | Jumlah siswa |
|------------|--------|--------|--------|--------------|
| | | Awéwé | Lalaki | |
| Ékspérimén | VIII I | 15 | 21 | 36 |
| Kontrol | VIII A | 19 | 17 | 36 |
| Total | | 34 | 38 | 72 |

3.3 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta *True Experimental Design* dina wangun *Pretest-Posttest Control Group Design*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- a. Masalah dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh maca warta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*, sarta kamampuh maca warta saméméh jeung sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*.
- b. Rumusan masalah anu katitén sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh maca warta di kelas VIII SMPN Negeri 3 Lembang.
- c. Raraga Tiori
- d. Ngarumuskeun Hipotésis
- e. Ngarumuskeun instrumén
- f. Ngabagi kelas jadi dua, aya kelas ékspérimén jeung aya kelas kontrol.
- g. Ngayakeun tés kamampuh maca warta saméméhna ka kelas kontrol jeung kelas ékspérimén. Fungsina pikeun ngumpulkeun data awal kamampuh siswa dina maca warta saméméh ngagunakeun *treatment*. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, maca téks warta saméméh ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*. Éta hal ngan dilarapkeun ka kelas ékspérimén wungkul, kelas kontrol ngan sakur ngayakeun tés awal nyaéta saméméh téa nu satuluyna teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*. Dipungkas ku tés kamampuh maca warta sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction* pikeun kelas kontrol.
- h. Analisis data panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi SPSS.
- i. Nyusun laporan panalungtikan sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung ngaanalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh maca warta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung kamampuh maca warta saméméh jeung sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*. Tés maca

warta ka bagi jadi dua, kahiji aya tés kamampuh maca warta anu dilaksanakeun saméméh pangajaran maca warta. Kadua ayana tés kamampuh maca warta anu dilaksanakeun sabada pangajaran maca warta ditepikeun ka siswa. Tés ieu dilaksanakeun sangkan mikanyaho kamampuh maca warta siswa kelas VIII ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung kamampuh maca warta siswa kelas VIII teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén ieu panalungtikan nyaéta dina wanda tés lisan. Siswa diperedih sangkan bisa maca téks warta kalayan niténan wirahma/témpo, artikulasi, jeung lentong kalimah anu sacara teu langsung siswa kudu maca téks warta kalayan lisan. Wangun tés anu dipaké nyaéta wangun paréntah.

Hal éta saluyu jeung pamadegan Sugiyono (2015, kc. 148) anu nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat nu digunakeun pikeun ngukur fenomena alam atawa sosial anu di talungtik. Kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku instrumén anu digunakeun, sabab data diperlukeun pikeun ngajawab patalékan panalungtikan. Téks warta anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta hiji téks warta sangkan siswa bisa leuwih fokus kana hiji téks nalika ngadémonstrasikeun kumaha maca warta anu merenah. Ieu téks warta digunakeun nalika tés kamampuh saméméh ngagunakeun modél jeung sabada ngagunakeun modél. Ieu di handap mangrupa paréntah nu dibérékeun ka siswa.

Pék baca ieu warta kalayan merhatikeun wirahma/témpo, artikulasi, jeung lentong kalimah!

Assalamualaikum wr.wb. Sampurasun// Pamiarsa/ sawatara informasi anu parantos ditataharkeun ku Warta Sunda/ seja didadarkeun dina dinten ieu// Édisi salasa/ kaping dua puluh Fébruari dua rébu dalapan belas// Pamiarsa/ sim kuring pun...../ seja ngadadarkeun iber salengkepna//

Cianjuran jeung Rumaja

Matak reugreug// Kitu pisan upama laha-loho ka padepokan Rangon Cijagra kota Bandung/ nu dikokolakeun ku maéstro cianjuran/ Nénéng Ratna Suminar alias Néng Dinar// Kumaha teu rék kitu/ sabab di padépokan nu husus ngatik nonoman malar mahér dina nembang atawa mamaos téh/ rempeg pisan ku nonoman/ ti kawit murid SMP/ tug ka paguron luhur// Dua nonoman antarana/ nyaéta Dhika jeung Valerin/ méh unggal waktu latihan/ sok ngahajakeun ka

padépokan// Terus undakna jumlah nonoman nu ngadon neuleuman tur ancrub kana seni cianjuran téh memang matak reugreug// Tarékah seniman-seniwati cianjuran enggoning ngamumulé tur mekarkeun éta seni/ natrat jeung aya tapakna//

Pamiarsa/ warta anu nembé mangrupa informasi pamungkas/ dina Warta Sunda// Aya saur ti sepuh urang// “Ka cai jadi saleuwi/ ka darat jadi salebak”// Mugia janten lenyepaneun kanggo urang sadaya// Ngawakilan ais pangaping Warta Sunda/ sim kuring pun / seja amit mungkur/ amit mundur// Wassalamualaikum wr.wb// Hurip sunda!//

3.6 Analisis Data

Kegiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara nu dipaké pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu ditalungtik. Miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina kamampuh maca warta saméméh ngagunakeun modél *Direct Instruction* sarta kamampuh maca warta saméméh teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*, jeung mikanyaho hasil tina kamampuh maca warta sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction* sarta kamampuh maca warta sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*. Kalayan niténan wirahma/témpo, artikulasi jeung lentong kalimah nalika maca warta.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh maca warta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung kamampuh maca warta saméméh jeung sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*.

a) Meunteun maca warta ngagunakeun rubrik ieu di handap.

Tabél 3.3
Rubrik Meunteun Maca Warta

| No | Aspék nu dipenteun | Skor | Déskripsi | Skor Maksimal |
|----|--------------------|------|---|---------------|
| 1. | Wirahma/témpo | 5 | Hadé pisan, maca warta kalayan wirahma/témpo nu bener tur merenah | 5 |
| | | 4 | Hadé, maca warta kalayan wirahma/témpo nu bener | |
| | | 3 | Sedeng, maca warta kalayan wirahma/témpo nu bener, aya kénéh nu salah | |
| | | 2 | Kurang, maca warta kalayan | |

| No | Aspék nu dipenteun | Skor | Déskripsi | Skor Maksinal |
|----|--------------------|------|---|---------------|
| | | | wirahma/témponu nu salah | |
| | | 1 | Kurang pisan, maca warta kalayan wirahma/témponu réa kasalahan | |
| 2. | Artikulasi | 5 | Hadé pisan, maca warta kalayan artikuarsi nu bener tur merenah | 5 |
| | | 4 | Hadé, maca warta kalayan artikulasi nu bener | |
| | | 3 | Sedeng, maca warta kalayan artikulasi nu bener, aya kénéh nu salah | |
| | | 2 | Kurang, maca warta kalayan artikulasi nu salah | |
| | | 1 | Kurang pisan, maca warta kalayan artikulasi nu réa kasalahan | |
| 3. | Lentong Kalimah | 5 | Hadé pisan, maca warta kalayan lentong kalimah nu bener tur merenah | 5 |
| | | 4 | Hadé, maca warta kalayan lentong kalimah nu bener | |
| | | 3 | Sedeng, maca warta kalayan lentong kalimah nu bener, aya kénéh nu salah | |
| | | 2 | Kurang, maca warta kalayan lentong kalimah nu salah | |
| | | 1 | Kurang pisan, maca warta kalayan lentong kalimah nu réa kasalahan | |

(Nurgiyantoro, 2016, kc. 415 kalayan diropéa).

- b) Méré peunteun tina hasil kamampuh maca warta saméméh ngagunakeun jeung teu ngagunakeun modél *Direct Instruction* sarta kamampuh maca warta sabada ngagunakeun jeung teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Nilai ahir} = \frac{\text{Skor anu dimeunangkeun}}{\text{Skor maksimum}} \times 100$$

Katerangan :

Skor maksimum : 15

Tabél 3.4
Kritéria Nilai Dumasar KKM

| Nilai | Keterangan |
|-----------|------------|
| ≤ 68 | Can tuntas |
| ≥ 68 | tuntas |

c) Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.5
Tabél Format Peunteun Maca Warta

| No Absén Siswa | Aspék Maca Warta | | | P | Keterangan |
|-------------------|------------------|---|---|---|------------|
| | 1 | 2 | 3 | | |
| | | | | | |
| Σ | | | | | |
| X | | | | | |

Keterangan:

- 1 = Wirahma/témpo
- 2 = Artikulasi
- 3 = Lentong Kalimah
- P = Peunteun
- Σ = Jumlah
- X = Rata-rata

3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software* SPSS PASW versi 18. *Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data input anu dianalisis nyaéta hasil kamampuh maca warta saméméh ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*, sarta hasil kamampuh maca warta sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*. Indeks gain anu satuluyna dijabarkeun dina output hasil analisis SPSS.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat normal atawa teu normal. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 76) nétélakeun yén hiji data anu ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-rata nyaéta sarua, kitu ogé simpangan bakuna. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_a : distribusi data normal

H_0 : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogrov-Smirnov*, ku taraf signifikan 95% ($\alpha=0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_a ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $> 0,05$

H_0 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.6.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilaksanakeun pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna sumber data. Ngitung uji homogénitas ngagunakeun *software* SPSS PASW versi 18. Tina hasil homogénitas bakal katitén taraf signifikansi kelompok ékspérimén atawa kelas nu ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung kelompok kontrol atawa kelas nu teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*. Taraf signifikansi dianggap homogén saupama indéks anu dimeunangkeun dina *Kolmogrov-Smirnov* atawa *Shapiro Wilk* nyaéta $P > 0,05$.

3.6.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun *software* SPSS PASW versi 18. Uji hipotésis dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Aya dua cara nalika nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil data anu normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik *parametris* kalawan ngagunakeun *t-tes*. Sedengkeun saupama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik *non-parametris*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H₀ (Hipotésis nol) = Teu aya bédana antara kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction* saupama nilai signifikansi (sig.) > 0,05.

H_a (Hipotésis alternatif) = Aya bédana antara kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction* saupama nilai signifikansi (sig.) < 0,05.